

Lis Dwa Moun Malad

Kom Yon Pasyan (malad) Nan Nenpot Lopital Eta Nouyok La, ou Gen Dwa ki Koresponn Avek La Lwa pou:

- (1) Ou dwe konprann ak itilize dwa sa yo. Si pou nenpot rezon ou pa konprann oubyen si ou bezwen ed, lopital la DWE ba ou asistans-tankou si ou ta bezwen yon entepret.
- (2) Ou dwe resevwa tretman san diskriminasyon ras, koule, relijon, nasyonalite, poutet ou andikape, chwa seksyèl ou, oubyen sous kote lajan pou peye a ap soti.
- (3) Ou dwe resevwa bon jan tretman ak respe ak bon swen nan yon anviwonman ki pwop e ki an sekirite, ki pa gen okenn pwoblem.
- (4) Ou dwe resevwa swen d ijans (emejensi) si ou bezwen.
- (5) Ou dwe konnen non ak pozisyon dokte ki ap responsab pou pran swen ou nan lopital la.
- (6) Ou gen dwa pou ou konnen non ak pozisyon tout anplwaye ki responsab pou pran swen ou, konsa tou ou gen dwa refize tretman nan men yo.
- (7) Ou gen dwa mande pou yo mete ou nan yon chanm kote moun pa dwe fimen.
- (8) Ou gen dwa resevwa tout enfòmasyon sou eta sante ou, kalite tretman yo ka ba ou ak prediksyon sou sante ou.
- (9) Ou dwe resevwa tout enfòmasyon ou bezwen pou ka bay konsantman ou pou nenpot desizyon yo ka pwopoze pou trete ou, Enfòmasyon sa yo dwe gen tout risk ak benefis ki posib nan tretman ou.
- (10) Ou dwe resevwa tout enfòmasyon ou bezwen pou ou ka bay lod pou yo pa resisite ou. Ou gen dwa tou pou ou chwazi yon moun ki pou bay konsantman ou sizanka ou ta vin two malad. Si ou ta bezwen plis enfòmasyon, mande yon kopi ti bwochi ki rele “Do not Resuscitate Orders—A Guide For Patients and Families” (Pa Resisite—Yon Gid pou Pasyan (malad) ak Fanmi yo).
- (11) Ou gen dwa tou pou ou refize tretman e pou yo di ou ki efe sa ka genyen sou sante ou.
- (12) Ou gen dwa refize patisipe nan rechèch. Le ou ap deside si ou dwe patisipe ou pa, ou gen dwa pou yo ba ou tout eksplikasyon.
- (13) Yo dwe kenbe tout enfòmasyon ou prive (sekre) pandan enfòmasyon sa yo ak dosye tretman ou nan lopital la.
- (14) Ou gen dwa pou ou patisipe nan tout desizyon k ap pran sou tretman ou ak le yo dwe ba ou ekzeyat. Lopital la dwe ba ou yon plan ekzeyat ou ekri sou papye ak yon deskripsyon sou kouman ou ka pwoteste ekzeyat yo vle ba ou a.
- (15) Ou gen dwa pou ou gade tout dosye medikal ou san sa pa koute ou senk kob. Ou gen dwa tou pou ou fe yo ba ou yon kopi dosye medikal ou pou tet pa ou. Lopital la ka chaje yon ti monnen pou sa. Yo pa dwe pa ba ou yon kopi selman paske ou pa ka peye pou li.
- (16) Yo dwe ba ou yon bodwo (bil) ki eksplike pou ki sa yo chaje ou.
- (17) Ou gen dwa revandike dwa ou san ou pa bezwen pe pou yo pa make ou nan sevis ak swen yo dwe ba ou e pou lopital la reponn ou si ou mande yon bagay, yon repons sou papye. Si ou pa satisfè ak repons lopital la, ou ka fe konplent nan “New York State Health Department.” (Depatman Sante Eta Nouyok la). Lopital la dwe ba ou nimewo telefon Depatman sante a.
- (18) Otorize manm fanmi yo ak lòt gran moun ki pral gen dwa pou vizite, toutotan ou ka resevwa vizit.
- (19) Si ou ta vle pou yo sèvi ak pati kow ki wap fè kado a, ou ka di moun la ki pou bay konsantman ou, ou ekri sa sou kat ki ou ka cheche nan lopital la.